

# **Kijan pou w fè yon tès pou kansè kolon lakay ou**



**Kit pou fè  
tès lakay**



## Entwodiksyon

Kansè kolorektal se yon lòt non yo bay kansè kolon (gwo trip). Se youn nan kansè ki lakòz plis lanmò nan vil New York (New York City, NYC). Lè ou fè depistaj regilyèman, sa ka anpeche w gen kalite kansè sa a oswa sa ka ede w detekte li pi bonè, lè li pi fasil pou yo trete l.

Ka kansè nan kolon yo ap ogmante pami moun ki poko gen 50 lane. Moun ki pa gen faktè risk yo ta dwe kòmanse tès depistaj nan laj 45 lane. Si w gen faktè risk, pa egzanp si yon manm fanmi pwòch ou gen kansè kolon, ou ka bezwen kòmanse fè tès depistaj yo pi bonè oswa fè depistaj pi souvan.

Pale sou risk pa w ak pwofesyonèl swen sante w pou detèmine kilè ou ta dwe kòmanse ak konbyen fwa ou ta dwe fè tès depistaj la. Li pi bon pou w konnen risk ou yo bonè. Gen faktè risk pa vle di ou pral devlope kansè nan kolon kanmenm, epi pa gen okenn faktè risk pa vle di ou p ap gen maladi a.

Gen divès kalite tès depistaj pou kansè kolon, tankou tès sou poupou ak kolonoskopi. Tès sou poupou yo ka pi pratik paske yo pa mande pou w fè preparasyon epi ou ka fè yo lakay ou. Yo ka detekte san oswa chanjman nan jèn (ADN), ki kapab siy ki montre yon moun gen kansè kolon, nan yon echantyon poupou (matyè fekal). Genyen diferan tès sou poupou ki disponib:

- Yon tès iminochimik fekal (fecal immunochemical test, FIT), ki detekte san. Yo rekòmande pou moun fè yon FIT chak ane.
- Yon tès san kache nan matyè fekal ki baze sou gayak ak gwo sansiblite (high-sensitivity guaiac-based fecal occult blood test, HSgFOBT), ki detekte san. Yo rekòmande pou moun fè yon HSgFOBT chak ane.
- Yon tès ADN nan poupou ki gen plizyè sib (FIT-DNA), ki detekte san ak chanjman nan jèn yo ki kapab siy kansè. Yo rekòmande pou moun fè yon FIT-DNA yon fwa chak twa zan.

Kolonoskopi a fèt kay yon pwofesyonèl swen sante. Se yon pwosedi ki mande pou yo fè preparasyon epi ki mande pou yo rezève yon tan pou yo fè li. Se yon egzamen vizyèl ki fèt avèk yon kamera espesyal ki pèmèt yon pwofesyonèl swen sante obsèvre dirèkteman sa ki anndan kolon w epi ki pèmèt li retire nenpòt ti polip li ta ka jwenn pandan menm egzamen an. Si yon timè twò gwo pou yo retire l pandan kolonoskopi a, y ap pran yon echantyon pou wè si li gen kansè oswa si li benen (si l pa gen kansè). Retire pòlip yo ka itil pou anpeche pasyan an gen kansè. Yo konn fè yon kolonoskopi yon fwa chak 10 zan oswa pi souvan pafwa, selon risk pèsonèl ou ak rezulta egzamen an. Lè yon moun jwenn yon tèz positif nan yon tès sou poupou, li ta dwe fè yon kolonoskopi annapre.

Mande pwofesyonèl swen sante w ki tès ou ta dwe fè. Si w ap fè yon tès sou poupou lakay ou, li istwa sa a pou w jwenn plis enfòmasyon.



Kit pou fè  
tès lakay

BONJOU MARK.  
KISA W GEN  
NAN MEN W LA?

BONJOU SANDRA.  
SE YON TÈS SOU POUPOU  
DOKTÈ M NAN TE SIJERE  
POU M FÈ POU YON  
DEPISTAJ POU  
KANSÈ KOLON.



Kit pou fè  
tès lakay



MWEN KONTAN PASKE  
W AP PRAN MEZI POU  
W PWOTEJE TÈT OU  
KONT KANSÈ KOLON,  
MARK. KIJAN TÈS SA  
A FONKSYONE MENM?

M AP PRAN YON TI  
ECHANTYON NAN POUPOU  
M. APRESA, M AP VOYE  
L BAY LABORATWA A  
KOTE YO PRAL ANALIZE  
ECHANTYON MWEN AN  
POU CHÈCHE SI L GEN  
SAN KI KACHE.

YON SÈYMAN KI KACHE  
KA YON SIY AYÈTISMAN  
POU KANSÈ KOLON AK  
KÈK LÒT MALADI.



SANBLE SE YON BON  
LIDE POU ESEYE DETEKTE  
KANSÈ BONÈ, DEPI SA  
POSIB. SA TA VLE DI L AP  
PI FASIL POU YO TRETE L,  
PA VRE?

KIJAN W TE  
DESIDE KI TÈS  
POU W FÈ?

MWEN TE PALE AK  
PWOFESYONÈL SWEN SANTE MWEN  
POU L EDE M KONPARE DIFERAN TÈS  
DEPISTAJ KI DISPOSIB YO. NOU TE  
PALE DE YON KOLONOSKOPI AK YON  
TÈS SOU POUPOU. TOULEDE SE TÈS  
KI DETEKTE KANSÈ YO BONÈ.

KI DIFERANS KI  
GENYEN ANT YO?


MWEN KA FÈ YON  
TÈS SOU POUPOU  
LAKAY MWEN. LI PA  
MANDE POU M SWIV  
YON REJIM ALIMENTÈ  
ESPESYAL.

EPI YO PA  
BEZWEN W ANBA  
ANESTEZI POU  
FÈ TÈS SA A,  
PA VRE?

SE VRE.  
SI PA GEN ANYEN  
KI PARÈT NAN TÈS  
SOU POUPOU A, EBYEN  
Y AP KONSIDERE  
REZILTA YO NÒMAL.


M AP KONTINYE  
TCHEKE SA YON FWA  
CHAK ANE. SI YO TA  
VIN JWENN REZILTA YO  
PA NÒMAL, LÈ SA A  
MWEN PRAL FÈ  
YON KOLONOSKOPI.

**MWEN TE FÈ  
YON KOLONOSKOPI,  
OU SONJE? NAN YON  
KOLONOSKOPI, YO KA  
RETIRE POLIP KI TA  
KA YIN TOUNEN  
KANSÈ TOU.**



### Etap polip yo

Selil yo gwosi yon  
fason ki pa nòmal





BONJOU PAPA.  
KISA W GEN NAN  
MEN W LA?

BONJOU ANDREW!  
SA A SE YON TÈS POU  
KANSÈ KOLON. SE  
PWOFESYONÈL SWEN  
SANTE MWEN AN KI  
TE BAN MWEN L.

SA A SE YOUN  
NAN KÈK KALITE  
TÈS POUPOU OU KA  
VOYE PA LAPÒS DEPI  
LAKAY OU.



ENTERESAN.

MWEN FENK SOT  
TCHEKE DAT  
EKSPIRASYON KI SOU  
TÈS LA, EPI LI BON  
TOUJOU. MWEN YLE FÈ  
TÈS LA TALÈ KONSA,  
ANYAN M BLIYE.



KONBYEN TAN  
L AP PRAN?

L AP PRAN KÈK  
MINIT SÈLMAN,  
EPI APRE SA M  
AP VOYE L ALE  
PA LAPÒS.

M KONPRANN. FÈ M  
KONNEN LÈ W FINI. NOU KA  
MACHE ANSANM POU VOYE  
L ALE JODI A.

OKE!


Pale ak pwofesyonèl swen sante w pou n deside ki kalite tès sou poupou ki pi bon pou ou, paske istwa sa sèlman montre kèk opsyon pami plizyè ki disponib. Tès yo yon tijan diferan youn ak lòt epi gen diferan fason ou ka voye yo tounen. Swiv enstriksyon yo ki sou kit ou a.

# KIJAN POU W ITILIZE YON TÈS FIT




"PA FÈ TÈS LA SI  
W AP SENYEN NAN  
MOMAN AN." MWE  
PA GEN SA A.



- 1 Ouvri kit la. Kenbe l pwòp epi pa kite likid tonbe sou li.




**2** Flòch twalèt la de fwa. Si w gen netwayan nan kivèt twalèt la, retire yo epi flòch twalèt la de fwa.



**3** Depliye gwo papye ou ka floche a. Mete li sou sifas dlo ki nan twalèt la.




- 4** Poupou jan w toujou konn fè sa. Pa flòch twalèt la. Jete papye twalèt ou te itilize a nan poubèl, men pa mete l nan kivèt twalèt la.




- 5** Pase pwent ti baton pou pran echantyon an sou poupou a.



- 6** Pa pran okenn gwo moso poupou. Soule ti baton an yon fwa pou w retire nenpòt moso ki kole oswa ti gout dlo ki ka sou li.




- 7** Remete ti baton an nan tib la ankò epi fèmen l byen fèmen. Veye pou okenn poupou pa soti deyò tib la. Si sa ta rive, ou ka siye l pou w retire l.



**8**



Kit ou a ka gen yon kat ak yon penso ladan I. Pran penso a epi pase yon ti kantite echantyon pou pou nan zòn ki ankadre ki sou kat la. Sa ap pran anviwon senk segonn. Veye pou pou pou a pa soti deyò zòn ki ankadre a. Si sa ta rive, siye l pou w retire l.



Kit ou a ka gen yon dezyèm ti baton oswa yon penso pou w pran yon dezyèm echantyon. Si genyen, pran dezyèm echantyon an menm jan w te fè sa pou premye a.


**9**

Flòch twalèt la. Lave men w avèk savon ak dlo pandan 20 segonn.




**10**

Ranpli nenpòt etikèt oswa fòm pou ranpli, san w pa blyie mete non w ak dat ou te pran echantyon an.




**11**

Mete echantyon an nan anvlòp pou w voye l la epi fèmen anvlòp la.







# KIJAN POU W ITILIZE YON TÈS FIT-DNA (COLOGUARD)

Yon lòt kalite tès se tès ADN nan poupou ki gen plizyè sib la, oswa FIT-DNA (Cologuard). Li ka detekte san ki kache ak chanjman nan jèn yo ki ka siy ki montre pasyan an gen kansè kolon.



Bwat ak sachè pou voye pa lapòs





Dokiman enstriksyon


Etikèt pou echantyon an

**Nòt:** Konsève sachè a ak bwat la. Ou pral bezwen yo pou w mete echantiyon pou pou a ladan I epi pou voye I ale pa lapòs pita.


- 1** Mete sipò a anba syèj twalèt la. Ouvri vesò pou mete echantiyon an epi mete l sou sipò a.




- 2** Poupou jan w toujou konn fè sa.




- 3** Pase pwent ti baton pou pran echantyon an sou poupou a. Veye pou w kouvri fant yo ki nan pwent ti baton an. Pa pran okenn gwo moso poupou.




- 4** Remete ti baton an nan tib la ankò. Fèmen I byen fèmen.




- 5** Vide likid konsèvasyon an nan vesò ki gen poupou ou te ranmase a.



- 6** Fèmen l byen fèmen. Veye pou poupou a pa soti deyò vesò a. Si sa ta rive, siye l pou w retire l.



- 7** Voye echantyon an pa mwayen UPS nan adrès ki endike nan kit la. Ou pa bezwen peye okenn frè tenb lapòs.





NAN YON DELÈ  
24 ÈDTAN.

LI VRÈMAN ENPÒTAN  
POU M VOYE L POU YO  
FÈ ANALIZ. SE SA K FÈ  
M YLE VOYE L ALE SAN  
PÈDI TAN.

ANN ALE KOUNYE  
A. NOU KA FÈ  
TI EGZÈSIS.

OKE. SE TOUJOU  
BON LIDE POU FÈ  
TI MACHE.

ÈSKE W TE  
KONNEN AKTIVITE  
FİZIK KA ANPECHE  
W GEN KANSÈ  
KOLON TOU?

SAT AP BON  
POU NOU TOUT.




ÈSKE M KA  
YIN AVÈ W?

MEN WI, LILY,  
ANN ALE.



KILÈ W AP JWENN  
REZILTA YO?



M AP KONNEN  
NAN YOUN OSWA  
DE SEMÈN. ÈSKE  
W VLE AL MACHE  
AYÈK NOU?



NOU TE MÈT ALE.  
N A WÈ PITA. BÒN  
CHANS AK TÈS LA!

MÈSI,  
CHERI.



KIJAN W PRAL  
KONNEN SI W GEN  
KANSÈ KOLON?

SI TÈS LA BAY  
YON REZILTA NEGATIF, SE YON  
SIY KI MONTRE MWEN PA GEN  
KANSÈ KOLON. TÈS LA KA  
BAY REZILTA KI PA KÖRÈK  
NAN KÈK KA, MEN SA RA.

M AP TOUJOU BEZWEN FÈ  
YON LÖT TÈS CHAK ANE. SI  
M TE ITILIZE TÈS FIT-DNA  
A, M AP REFÈ TÈS LA ANKÒ  
CHAK TWA ZAN.



E SI TÈS LA JWENN  
YON BAGAY?

PWOFESYONÈL SWEN  
SANTE A PRAL KONTAKTE  
M. SA KA YLE DI M GEN  
KANSÈ NAN KOLON MWEN  
OSWA NAN REKTÒM  
MWEN, OSWA SA KA YLE  
DI GEN YON LÒT BAGAY  
KI PA NÒMAL.


LÈ SA, M T  
AP BEZWEN FÈ YON  
KOLONOSKOPI ANNAPRE  
POU YO KA KONNEN  
KISA KI GENYEN.



MWEN SONJE LÈ  
MANMAN M TE FÈ  
KOLONOSKOPI L LA.  
YO TE ITILIZE YON  
TI KAMERA POU YO  
GADE ANNDAN  
KOLON LI.

WI, EPI TOUT  
BAGAY TE  
BYEN PASE.





M SWETE TÈS LA BAY  
YON REZILTA NEGATIF  
EPI OU PA GEN OKENN  
SIY KANSÈ KOLON!

MWEN MENM TOU!  
BAGAY KI ENPÒTAN  
AN SÈKE M AP  
PRAN SWEN  
SANTE M.

## Kèk reyalite sou risk kansè kolon an

### Men kèk nan faktè risk yo pou kansè kolon an:

- Nan laj ki pi avanse — anviwon 90% ka yo parèt kay moun ki gen 50 lane oswa plis\*
- Gen antedesadan kansè kolon oswa polip adenomate anvan sa oswa nan fanmi an
- Gen yon sendwòm ou te erite tankou sendwòm Lynch oswa polip adenomate familyal (familial adenomatous polyps, FAP)

### Chanjman nan mòdvi sa yo ka redui risk ou pou gen kansè kolon:

- Pèdi pwa si w twò gwo oswa si w obèz
- Fè plis aktivite fizik, chita mwens epi fè plis mouvman
- Manje mwens vyann transfòme ak plis fwi ak legim
- Bwè mwens bwason ki gen alkòl epi pa fimen
- Itilize mwens tabak oswa kanpe. Pou jwenn sipò pou kite fimen oswa vapote, rele nan 866-697-8487.

Pale ak pwofesyonèl swen sante w jodi a sou risk ou genyen ak tès depistaj pou kansè kolon.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [nyc.gov/health/coloncancer](http://nyc.gov/health/coloncancer). Pou li lòt istwa ki gen rapò ak depistaj, klike sou **istwa Sandra a al desizyon Mark la**.

---

\*Moun ki pa gen faktè risk yo ta dwe kòmanse fè tès depistaj nan laj 45 lane, paske ka kansè kolon yo ap ogmante pamí moun ki poko gen laj 50 lane yo. Moun ki gen faktè risk yo ka bezwen kòmanse fè tès depistaj pi bonè toujou. Pifò plan asirans yo peye pou depistaj pou kansè kolon. Sepandan, sèvis plan yo peye pou yo ka diferan. Mande pwofesyonèl swen sante w ak konpayi asirans ou ki sèvis li peye pou yo anvan tès depistaj ou a. Si w pa gen asirans, ou ka kalifye pou yon asirans ki bon mache oswa ki gratis. Rele **311** pou jwenn yon èd gratis pou enskrí.

